

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan nu dilaksanakeun di kelas XI B1 RSBI SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2010/2011 mangrupa data hasil Panalungtikan Tindakan Kelas anu dilaksanakeun dina dua siklus, nya éta siklus I jeung siklus II. Tina hasil déskripsi jeung analisis hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun bisa dicindekkeun yén média *Audio-visual* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap baris diécéskeun deui ngeunaan kacindekan hasil ieu panalungtikan

- 1) Prak-prakan pangajaran nulis carpon ngagunakeun média *Audio-visual* dina pra-panalungtikan nya éta guru nitah siswa maca conto carpon nu judulna “Si Ujang Hayang Ka Kebon Binatang”, beres maca conto carpon, guru nerangkeun materi ngeunaan carpon. Tuluy siswa di titah nyieun carpon nu temana ngeunaan “Cinta”. Dina Siklus I siswa dibéré video salaku média *Audio-visual* nu temana “Puncak Bogor”, tuluy siswa dititah nyieun karangan carpon ngeunaan naon nu kaimpleng tina video tadi. Sedengkeun dina Siklus II guru ngabahas heula materi ngeunaan carpon tuluy nyetél video nu temana “Alam”. Sanggeus siswa nonton video guru nitah siswa nyieun karangan carpon ngeunaan video éta, video diputer terus salila pangajaran lumangsung.

2) Hasil diajar nulis carita pondok dina pra-panalungtikan nya éta 4 urang atawa 13,3% asup kana kategori tuntas, sarta 26 urang atawa 86,7% asup kana kategori can tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa dina pra-panalungtikan nya éta 50,83. Hasil diajar dina siklus I nya éta aya 13 urang atawa 43,3% anu asup kana kategori tuntas, sedengkeun 17 urang atawa 56,7% asup kana kategori can tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa dina siklus ka-I nya éta 66,65. Lamun dina siklus II dina hasil diajarna sakabeh siswa atawa 30 urang asup kana kategori tuntas. Anu rata-rata nilaina 81,47.

3) Aya paningkatan kamampuh nulis carpon siswa kelas XI B1 RSBI SMA Pasundan 1 Bandung sabada ngagunakeun média *Audio-visual*, kamampuh rata-rata nilai siswa dina pra-panalungtikan 50,83, dina Siklus I 66,65, sedengkeun dina siklus II 81,47. Jadi paningkatan siswa tina rata-rata Pra-Panalungtikan ka Siklus I nya éta 16,12 sedengkeun ti Siklus I ka Siklus II nya éta 14,82.

5.2 Rékomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis carita pondok ngagunakeun média *Audio-visual*, aya sababaraha rékomendasi tina ieu panalungtikan.

- 1) Média *Audio-visual* bisa ningkatkeun kamampuh nulis carpon. Ku kituna, ieu média bisa jadi salasihiji alternatif dina pangajaran nulis.
- 2) Dina nangtukeun tema video kudu anu dipikawanoh ku siswa, contona video lingkungan siswa jeung ruang lingkup kahirupa sapopoé.
- 3) Kedah aya panalungtikan deui ngeunaan média *Audio-visual* nu langkung jembar.

